Документ подписан простой электронной подписью
Информация о владельце:
ФИО: Минцаев Магомед Шавалович
Должность: Ректор
Дата подписания: 15.01.2026 09:27:34
Уникальный программный ключ:
236bcc35c296f119d6aafdc22836b21db52dbc07971a86865a5825f9fa4304cc

МИНИСТЕРСТВО НАУКИ И ВЫСШЕГО ОБРАЗОВАНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ
ФЕДЕРАЛЬНОЕ ГОСУДАРСТВЕННОЕ БЮДЖЕТНОЕ ОБРАЗОВАТЕЛЬНОЕ УЧРЕЖДЕНИЕ
ВЫСШЕГО ОБРАЗОВАНИЯ
«ГРОЗНЕНСКИЙ ГОСУДАРСТВЕННЫЙ НЕФТЯНОЙ ТЕХНИЧЕСКИЙ УНИВЕРСИТЕТ
ИМЕНИ АКАДЕМИКА М.Д.МИЛЛИОНЩИКОВА»
«Межфакультетская языковая кафедра»

УТВЕРЖДЕН
на заседании Межфакультетской языковой кафедры
«_01_»_____09________2025___г., протокол № _1_
/Заведующий кафедрой
 /Т.Д. Магомадова/

# ФОНД ОЦЕНОЧНЫХ СРЕДСТВ ПО УЧЕБНОЙ ДИСЦИПЛИНЕ
# «ЧЕЧЕНСКИЙ ЯЗЫК»

**Направление подготовки**

*35.03.10 Ландшафтная архитектура*

**Направленность (профиль)**

*«Садово-парковое строительство и ландшафтный дизайн»*

**Квалификация**

Бакалавр

Год начала подготовки: 2025

Составитель  З.К. Джанаралиева

Грозный – 2025

**ПАСПОРТ**

**ФОНДА ОЦЕНОЧНЫХ СРЕДСТВ ПО УЧЕБНОЙ ДИСЦИПЛИНЕ**

«Чеченский язык»

| **№ п/п** | **Контролируемые разделы (темы) дисциплины** | **Код контролируемой компетенции (или ее части)** | **Наименование оценочного средства** |
|---|---|---|---|
| 1. | Нохчийн йозанан литературни мотт. Фонетика. Графика.<br>Тема 1. Нохчийн меттан коьрта диалекташ. Нохчийн меттан коьрта 1илманчаш. Нохчийн меттан коьрта газеташ, журналаш. Нохчийн моттий, йозий.<br>Тема 2. Аьзнаш а, элпаш а. Мукъа а, мукъаза а аьзнаш. Шала мукъаза аьзнаш, церан нийсаяздар. Шалха элпаш, церан нийсаяздар. Ши аз билгалдеш долу элпаш, церан нийсаяздар. Къасторан хьаьркаш Ъ, Ь церан нийсаяздар. | УК-4 | Кейс-задача<br>Диктант |
| 2. | Лексика.<br>Тема 1. Дешнийн маь1наш а , церан тайпанаш а. (Омонимаш, синонимаш, антонимаш, архаизмаш, неологизмаш, т1еэцна дешнаш). Нохчийн меттан словараш | УК-4 | Кейс-задача<br>Зачет |
| 3. | Дошкхолладалар.<br>Тема1. Дошкхолладаларан некъаш. Дешан х1оттам: лард, чаккхе, орам, суффикс, дешхьалхе | УК-4 | Кейс-задача<br>Зачет |
| 4. | Морфологи.<br>Тема 1. Ц1ердош: терахьаш, дожарш, легарш, грамматически классаш.<br>Тема 2. Билгалдош: тайпанаш.<br>Тема 3. Терахьдош: тайпанаш. Терахьдешан нийсаяздар.<br>Тема 4. Ц1ерметдош: тайпанаш.<br>Тема 5. Хандош: хенаш. Масдар, причасти, деепричасти.<br>Тема 6. Г1уллакхан лела къамелан дакъош. Дешт1аьхьенаш. Хуттургаш. Дакъалгаш. Айдардешнаш. Модальни дешнаш. | УК-4 | Кейс-задача<br>диктант<br>Контрольная работа |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 5. | Синтаксис.<br>Тема 1. Предложени. Предложенин тайпанаш. Предложенин коьрта а, коьртаза а меженаш. Цхьалхе а, чолхе а предложени. | УК-4 | Кейс-задача<br>диктант<br>Контрольная работа<br>зачет |

**ПЕРЕЧЕНЬ ОЦЕНОЧНЫХ СРЕДСТВ**

| № п/п | Наименование оценочного средства | Краткая характеристика оценочного средства | Представление оценочного средства в фонде |
|---|---|---|---|
| 1 | Кейс-задача | Задания, выполняемые с использованием изучаемого программного обеспечения с целью углубления и закрепления теоретических и практических знаний | Темы практических работ. Задания. Диктант. |
| 2 | Доклад | Продукт самостоятельной работы студента, представляющий собой публичное выступление по определенной учебно-практической, исследовательской или научной теме | Темы докладов |
| 3 | Контрольная работа | Подведение итогов учебной деятельности студентов в течение семестра в письменной форме | Карточки с заданиями |
| 4 | зачет | Итоговая форма оценки знаний | Вопросы по темам/разделам дисциплины |

- **1. Кейс-задача**

**1.1. Темы практических работ**

1.Ло литературни меттан определени. Йийца нохчийн меттан коьрта диалекташ.
2.Нохчийн йоза кхолладаларан 1илманчаша муьлха кхо мур билгалбоккху?
3.ХӀун Ӏамадо фонетико? ХӀун Ӏамадо графико?
4.Стенахолу алфавит? Маса элп ду нохчийн алфавитехь?
5.Дийца муьлхарш ду мукъа а, мукъаза аьзнаш?
6.Муьлха элпаш ду нохчийн маттахь тӀеэцначу дешнашкахь бен ца яздеш?
7.Дийца деха а, доца а, шала а, шалха а, элпех лаьцна.
8.Ши аз билгалдеш долу элпаш, церан нийсаяздар
9.Къасторан хьаьркаш Ъ, Ь, церан нийсаяздар
10.Стенах олу лексика? Муьлхачарех олу синонимаш, антонимаш, омонимаш?
11.Даладе дешан нийса а, тӀедеана а маьӀна, ширделла а, керла а дешнаш.
12.Стенах олу дошкхолладалар. Даладе дошкхолладаларан некъаш.

13. Стенах олу цIердош? Текста юккъера схьаязде ц1ердешнаш. Билгалде церан терахь, класс.
14. Ц1ердешнаш дожаршца хийца, билгалдаккха церан легар.
15. Схьаязде текста юккъера билгалдешнаш. Билгалалдаха церан тайпанаш.
16. Стенах олу терахьдош? Йозанца дIаязде терахьдешнаш.
17. Схьаязъе текст, цу юкъара терахьдешнаш билгал а дохуш. Къастаде церан тайпанаш.
18. Стенах олу цIерметдош? Текста юкъара схьаязде цIерметдешнаш. Билгалдаха церан тайпанаш.
19. Стенах олу хандош? Схьаязде текста юкъара хандешнаш. Муьлхачу хенашкахь ду уьш?
20. Схьаязде текста юкъара хандешнаш. Билгалде, муьлхачу саттамехь ду уьш?
21. Схьаязде текста юкъара хандешнаш, къовларшкахь церан спряжени билгалъе.
22. Масдар стенах олу? Текста юккъера масдарш схьаязде, билгалдаккха церан терахь, дожар, кл.гайтам.
23. Стенах олу причасти? Текста юккъера причастеш схьязде, билгалдаккха церан терахь, дожар, хан.
24. Стенах олу деепричасти? Текста юккъера деепричастеш схьаязъе, билгалъяха цаьрца йолу хандешан а, куцдешан а билгалонаш.
25. Стенах олу куцдош? Схьаязде текста юкъара куцдешнаш, билгалдаккха церан тайпа.
26. Дешт1аьхьенийн, хуттургийн, дакъалгийн нийсаяздарах лаций дийца. Даладе масалш.
27. Айдардешнех, модальни дешнех лаций дийца. Даладе масалш.
28. Стенах олу предложени? Предложенин тайпанаш дийца.
29. Текст юккъера предложенин коьрта а, коьртаза а меженаш билгалъяха.
30. Цхьалхе а, чолхе а предложенеш ялае.

## 1.2. Задания

**Т1едиллар 1.** Хаза б1аьсте а т1екхечира. Арахь йохъелла д1ах1оьттира. Шен нисъеллачу кертана чухула, г1овг1ане йолчу тулг1енца детталуш, Нева керчара. Iаржъеллера, хан яра яьлла. Гуьйре шелъелира, Зайнап шекъелира цунах, цо книга схьа ца еана-кх аьлла. Хьагъеллачу говро ведарна т1е а, Ахьмин куьйга т1е а бат 1уьттура. Бутт мархашна т1ехьа къайла а белира, буьйса 1аржъелла, шелъелла д1а а х1оьттира. (Къасторан хьаьркашна к1ел сиз а хьокхуш, схьаязъе предложенеш).

**Т1едиллар 2.** Маса , чехка, сиха; доттаг1, накъост; говр, дин, алаша; хаза, исбаьхьа; кхаллар, бепиг; къона, жима; мохь, мотт, б1аьрг, га; лекха – лоха, хазахетар – халахетар; к1айн – 1аьржа; дика – вон; воккха – жима; дуьра – теза .

(Билгалдаха синонимаш, омонимаш, антонимаш: омонимашций, синонимашций предложенеш х1иттае).

**Т1едиллар 3.** Г1ант, йиша, ваша, седа, юрт, кор, де, ц1е, илли, нус, лам, болх, суьйре. (Дукхаллин терахье дерзаде х1ара ц1ердешнаш).

**Т1едиллар 4.** Синтар , къамел, ваша, мача, саба, белхало, г1уллакх, куьг, хьехархо.

(Дожаршца хийца х1ара ц1ердешнаш, билгалдаха легарш).

**Т1едиллар 5.** Гуьйренан де, дешархочун лаам, юьртара хьаша, вешин доьзал, йоккха г1ала, аннийн керт, йишин йовлакх. ( Тайпанашка декъа х1ара билгалдешнаш).

**Т1едиллар 6.** Йозанца д1аязде терахьдешнаш. 1984, 17, 19, 213, 5, 2, 47, 73, 100, 38, 1932, 14, 16, 55.

**Т1едиллар 7.** Билгалзачу кепехь д1аязде х1ара хандешнаш: олу, элира, доьшу, дешна, хуьйцу, хезира, алахьа, язделахь, дийцира, тухур ю.

**Т1едиллар 8.** Шина к1антана жерахь д1атаь1начохь наб кхийтира. Наггахь куьг кхочучу шифонъера т1ера т1аьрсиг эт1а доладелла альбом схьаоьцу ас. Г1еххьа баса даьллачу суьрта т1ера шийтта шо долу йо1 хьоьжу соьга. Стенна делахь а, массо суьртел кхуьнга дукха хьоьжу со.

Белхан деношкахь берийн бешара ши к1ант шаьш вог1у ц1а – гуттара санна, со балхахь хьело. (Текста юкъара схьаязде ц1ерметдешнаш. Билгалдаха церан тайпанаш).

**Т1едиллар 9.** И мохь вуно шера хезара Арснакъина, цунна Бикатуна цхьа бохам хиллийла а хаьара, делахь а Арснакъин Бикатуна орцах вала йиш яцара. Бикату, шен Іусамех б1аьрг кхетча, Арснакъина ца хазийта меллаша йистхилира. Юха алсамо хезира. (Схьаязъе, билгалдаха куцдешнаш а, церан даржаш а).

**Т1едиллар 10. Схьаязъе. Билгалъяха цхьалхе предложенеш, чолхе предложенеш..**

… Шу х1умма а шайн доцучу хенахь сан дара. Со шул вара х1етахь. Х1инца нехан хили шу. Хьалха со волчу дог1ура шун некъаш. Х1инца кхечахьа ду. Сискало дузийра шу.

Мила тешара, гергарчу наха хьан новкъа оьрнаш доху бохучух! «Хьан хьайн стагал цкъацкъа хийра накъост тоьлу хьуна», - олура тхан дас. Шун чуьрчо юккуш хилла-кх стеган чоь.

Хан ца йойуш, т1е х1умнаш а юьйхина, сихха араиккхира со, нах г1овттале аьлла. Шийла, ц1ена х1аваъ, юьхь самайоккхуш, йайчу хьожанца хьерчара сох. Бода аренашкара уьдуш, сихбелла лечкъаш бара хьуьнан йистощца. Малхбалехьа таттаеллачу мархашна юккъехула дуткъа, дехха стиглан сенлун лента дара дахделла. Лахара йист геннара етталучу ц1ечу серлоно ц1естан басе ерзийнера цуьнан. Де г1оттуш дара.

## Критерии оценки:

- каждое правильное задание оценивается 1 баллом.

### 1.3. Диктант

Доттаг1ий.

Вехаш хилла цхьа ши доттаг1. Цхьаъ ч1ог1а вехаш хилла боху, важа къен хилла. Къен 1аш волчунна ч1ог1а езаелла бехаш 1аш болчу нехан йо1. Ткъа оцу к1ентан нанна а и бен ялон лууш ца хилла.

Вехаш 1ачу доттаг1чо ша болу шен бахам д1абелла шен доттаг1чунна. Ткъа цунах ч1ог1а кхаъ хилла, и йо1 ялийна, ваха хиъна къен 1аш хилла доттаг1.

Цхьана дийнахь, ганза дукха хан яьлча, ша саг1а доьхург ву аьлла, кет1а веана бахам д1абелларг. Иза, х1умма а ца луш, д1авахийтина. Ч1ог1а и новкъадеана, ойлане ваьлла х1ара д1авоьдуш, цхьана базар кхаьчна. Кхунна т1е веана, цхьана воккхачу стага дехар дина, ша схьаваллалц х1ара гали лардахьара аьлла. Нагахь ша делкъале схьа ца ваг1ахь, хьайна дуьтур ду ахьа иза аьлла, д1авахана и воккха стаг. Ши-кхо де даьлча, и схьа ца веъча, чухьаьжча, кхунна гина гали дуьззина ахча.

И ахча схьа а эцна, д1аваханчу кхо керт эцна, ша хьалха ма-хиллара ваха хиъна. Дикка х1ара ваха оьахиинчу хенахь, кхуьнан кет1а еана цхьа йоккха стаг. Ша хьайна чохь

г1уллакх дан яийтахьара аьлла цо. Шен нана хир ю хьо тахана дуьйна д1а, аьлла к1анта. Дукха хан ялале, оцу цуьнан нана ю бохучу йо1 хьахийна кхунна, реза хилла кхо и ялийна.

(Нохчийн фольклор)

Ша къона волуш баккхийчу наха дуьйцуш хезнера 1елина, оьрсашца т1ом хилале хьалха нохчий ч1ог1а Делах тешаш а, Делах кхоьруш а, оьзда, къинхетаме, собаре, барт болуш а бара бохуш. Цара дийцина нохчийн къоман и оьзда г1иллакхаш цхьадерш т1еман халонаша, бохамаша, эрчонаша хьешний, дохийний, дагийний д1адаьхнера, цхьадолчеран лараш, г1аларташ дисинера.

Т1ом – къизалла ю. Т1амо синош ца кхуллу – синош дойу. Т1амо ц1енош ца до, ярташ, шахьарш ца х1иттайо – йохайо. Ялташ, даьхний ца кхиадо – х1аллакдо. Машаречу адамаша б1еннаш, эзарнаш шерашкахь хьекъалца, безамца, собарца, хьацарца къахьоьгуш кхоьллинарг дерриг а къинхетамза х1аллакдо. Т1амо дуккха а адамийн иэхь-иман, яхь-оьздангалла, къинхетам боь, собарх дохадо, акхаройн амале дерзадо.

Т1ом болуш а, цул т1аьхьа а оьрсийн 1едалан ерриг а 1алашо нохчийн къоман барт бохорна, иза оьздангаллех дохорна, юккъера иман-ислам д1адаккхарна т1ехьажийна яра. Оцу т1ехь дика кхиамаш а баьхнера 1едало.

(Абузар Айдамиров «Дарц» роман юккъера кийсиг)

## Критерии выставления оценок: максимальный балл-5

– (5 баллов) выставляется студенту, если нет орфографических и пунктуационных ошибок;
– ( 4 баллов) от 1 до 5 орфографических и пунктуационных ошибок;
– ( 3 балла) от 5 до 10 орфографических и пунктуационных ошибок;
– (2 балла) от 01 до15 орфографических и пунктуационных ошибок;
– (1 балл) от 15  орфографических и пунктуационных ошибок;

## 2. Доклад
## 2.1.Темы докладов

1. Бадуев С.С. Дахаран, кхоллараллин некъ. Бадуев С.С. а, къоман театр а.
2. АрсановС-Б. Дахаран а кхоллараллин а некъ. «Маца девза доттаг1алла» роман кхоллаялар.
3. Мамакаев М.А. Дахаран а, кхоллараллин а некъ, коьрта произведенеш.
4. Мамакаев 1.Ш. Дахаран, кхоллараллин некъ. Поэзехь Даймехкан васт.
5. Ошаев Х.Д. Дахаран а, кхоллараллин а некъ, «Алун шераш» романан чулацам.
6. Саидов Б.С. Дахаран а, кхоллараллин а некъ, коьрта произведенеш.
7. Сулаев М. Дахар а, кхолларалла а, коьрта произведенеш.
8. Дикаев М. Дахаран а, кхоллараллин а некъ, лирикин теманаш а.
9. Ахматова Р.С. Дахаран, кхоллараллин некъ, лирикехь зудчуьнан васт.
10. Айдамиров А.А. Дахаран, кхоллараллин некъ, «Еха буьйсанаш» романан идейни чулацам коьртачу турпалхойн васташ.
11. Арсанукаев Ш.А. Дахаран, кхоллараллин некъ, Арсанукаев Ш.А. поэзин теманаш а, мехалла а.
12. Окуев Ш. Дахаран, кхоллараллин некъ, коьрта произведенеш.
13. Ахмадов М.М. Дахар, кхолларалла, коьрта произведенеш.

14. Абдуллаев Л. Кхолларалла (шайн лаамехь).
15. Бексултанов М. Кхолларалла (шайн лаамехь).
16. Цуруев Ш. Кхолларалла (шайн лаамехь).
17. Хамидов Іабдул-Хьамид. Дахар а, кхолларалла а.
18. Гадаев М-С. Дахар а, кхолларалла а.

## 2.2. Методические рекомендации по написанию и оформлению доклада по темам для самостоятельного изучения

В современном обществе человек должен уметь работать с информацией. Работа с информацией становится главным содержанием профессиональной деятельности человека, необходимым компонентом информационной культуры.

Работа над докладом не только позволяет студенту приобрести новые знания, но и способствует формированию важных научно-исследовательских умений, освоению методов научного познания, приобретению навыков публичного выступления.

**Доклад** – публичное сообщение, представляющее собой развернутое изложение на определенную тему, вид самостоятельной работы, который используется в учебных и внеаудиторных занятиях и способствует формированию навыков исследовательской работы, расширяет познавательные интересы, приучает критически мыслить. Чтобы выступление было удачным, оно должно хорошо восприниматься на слух, быть интересным для слушателей. При выступлении приветствуется активное использование мультимедийного сопровождения доклада (презентация, видеоролики, аудиозаписи).
После выступления докладчик должен ответить на вопросы слушателей.

**Подготовка выступления**

Этапы подготовки доклада:

1. Определение цели доклада (информировать, объяснить, обсудить что-то: проблему, решение, ситуацию и т.п.; спросить совета и т.п.).
2. Подбор для доклада необходимого материала из литературных источников.
3. Составление плана доклада, распределение собранного материала в необходимой логической последовательности.
4. Композиционное оформление доклада в виде текста и электронной презентации.
5. Заучивание, запоминание текста доклада.
6. Репетиция, т.е. произнесение доклада с одновременной демонстрацией презентации.

Общая структура доклада

Построение доклада включает три части: вступление, основную часть и заключение.

**Вступление.**

1. Формулировка темы доклада (она должна быть не только актуальной, но и оригинальной, интересной по содержанию).
2. Актуальность выбранной темы (чем она интересна, в чем заключается ее важность, почему учащимся выбрана именно эта тема).
3. Анализ литературных источников (рекомендуется использовать данные за последние 5 лет)

**Основная часть.**

Состоит из нескольких разделов, постепенно раскрывающих тему. Возможно использование иллюстраций (графики, диаграммы, фотографии, карты, рисунки). Если необходимо, для обоснования темы используется ссылка на источники с доказательствами, взятыми из литературы (цитирование авторов, указание цифр, фактов, определений). Изложение материала должно быть связным, последовательным,
доказательным. Способ изложения материала для выступления должен носить конспективный или тезисный характер.

**Заключение.**

Подводятся итоги, формулируются главные выводы, подчеркивается значение рассмотренной проблемы, предлагаются самые важные практические рекомендации.

**Требования к оформлению доклада.**

Объем машинописного текста доклада должен быть рассчитан на произнесение доклада в течение 7 -10 минут (3-5 машинописных листа текста с докладом). Поэтому при подборе необходимого материала для доклада отбирается самое главное. В докладе должны быть кратко отражены главные моменты из введения, основной части и заключения.

**Оформление печатного текста доклада**

1.Текст доклада должен быть набран в редакторе Microsoft Word версий и распечатан на компьютере на одной стороне стандартного листа белой бумаги форматом А4 (210 на 297мм).

2. Основной текст: шрифт Times New Roman - 12, без переноса слов, междустрочный 1,15, выравнивание по ширине.

3.Поля: слева - 3 см, сверху – 2 см, справа - 2 см, внизу - 2 см, абзацный отступ – 1,25 см.

4. Заголовки первого порядка: обозначаются римскими цифрами, набираются все заглавными буквами, по центру, без отступа и точки на конце; шрифт 14, полужирный.

5. Заголовки второго порядка по центру, без отступа, арабские цифры, без точки, с заглавной буквы, далее строчными буквами; шрифт 14, полужирный.

Между заголовками и текстом, между заголовком и заголовком другого порядка – пропускается одна строка. Все страницы нумеруются, начиная с титульного листа (на титульном листе номер не ставится). В общем объеме титульный лист учитывается под номером «1», таким образом, первый напечатанный номер (номер «2») будет на листе с оглавлением. Цифру, обозначающую порядковый номер листа, ставят в нижнем правом углу. Каждая глава (раздел) начинается с новой страницы. Для выделения в тексте отдельных слов или мест допустимо применять подчеркивание, курсив, разрядку или набор прописными буквами.

## 2.3. Образец оформления титульного листа

**МИНИСТЕРСТВО НАУКИ И ВЫСШЕГО ОБРАЗОВАНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ ГРОЗНЕНСКИЙ ГОСУДАРСТВЕННЫЙ НЕФТЯНОЙ ТЕХНИЧЕСКИЙ УНИВЕРСИТЕТ**
**имени академика М. Д. Миллионщикова**

**Межфакультетская языковая кафедра**

**ДОКЛАД**

**по дисциплине «Чеченский язык»**

**на тему**

«Бадуев С.С. Дахаран, кхоллараллин некъ. Бадуев С.С. а, къоман театр а»

**студента**__________________________

**курс, группа**_______________________

**преподаватель**_____________________

Грозный - 2020

## 2.4. Образец оформления библиографии

**1. Библиографическое описания книги:**

Автор. Основное название [Текст]: Другое название или сведения, относящиеся к названию / Автор(ы); Сведения о редакторе. – Номер издания – Место издания: Издательство, год издания. – Количество страниц.

***Бахвалов, Н.С.*** *Численные методы [Текст] : учеб. пособие для физ.-мат. специальностей вузов / Н.С. Бахвалов, Н.П. Жидков, Г.М. Кобельков ; под общ. ред. Н.И. Тихонова. – 2-е изд. – М.: Физматлит: Лаб. базовых знаний; СПб.: Нев.диалект, 2002. – 630 с.*

**2.Библиографическое описание статьи в журнале:**

**Автор. Название статьи [Текст] / Автор(ы) // Название периодического издания. – Год издания. – Номер выпуска. – Страницы, на которых помещена статья.**

*Богомолов, А.Н.* ***О вещественных резонансах в волноводе с неоднородным заполнением [Текст] / А.Н. Богомолов, А.Л. Делицын, М.Д. Малых // Вестн. Моск. ун-та. Сер.3, Физика. Астрономия. – 2001. - № 5. – С.23-25***

**2.5. Перечень учебно-методического обеспечения для самостоятельной литературы**

1. Л.Д. Ахмадова, З.А. Ахмедова. Сборник упражнений для самостоятельной работы по чеченскому языку. – Грозный: ГГНТУ, 2013 (в библиотеке вуза, на кафедре).
2. А.М. Арсанукаев. Нохчийн яздархой. Iтом. – Соьлжа-г1ала: «Арфа-Пресс», 2012 (на кафедре).
3. А.М. Арсанукаев. Нохчийн яздархой. II том. – Соьлжа-г1ала: «Арфа-Пресс», 2014 (на кафедре).

**При оценке доклада преподаватель исходит из следующих критериев:**

1) соответствие темы доклада содержанию,
2) достаточность и современность привлеченных к рассмотрению источников,
3) методологическая корректность,
4) новизна взгляда,
5) обоснованность выводов,
6) логичность построения.

**Критерии оценки доклада: максимальный балл-15.**

14-15 баллов выставляется студенту, если:
- проведенное исследование и изложенный в докладе материал соответствует заданной теме;
- студент способен ответить на вопросы преподавателя по теме.

9-13 баллов:
- представленный в работе материал соответствует заданной теме, однако присутствуют недостатки.

5-8 баллов:
- студент способен изложить материал, однако наблюдаются отклонения от заданной темы;
- тема не соотносится с представленным докладом.

1-3 баллов:
- материал не соответствует заданной теме;
- студент не освоил материал полностью и не способен ответить на вопросы преподавателя по теме доклада.

## 3. Контрольная работа
## Карточки с заданиями

## Задания к первой рубежной аттестации

1-ра вариант

Аттестационни болх

1. Йийца нохчийн литературни маттана а, нохчийн меттан диалекташна а юккъехь йолу башхалла.
2. Бийца нохчийн меттан коьрта 1илманчаш.
3. Х1ун 1амадо фонетико?
4. Билгалдаха мукъа а, мукъаза а аьзнаш. Мукъачаьрна т1ехула сиз хьакха, мукъазачаьрна буха сиз хьакха.
*Сихо мелла ойла йар а доцуш, Дош д1аккхоссахь воцуш цуьнан да, Дохковаларх дог шен бале лоцуш, Вуьтар ву цо шен юьхь1аьржо лан.*
5. Аьзнаш элпел сов долу кхо дош язде.
6. Йийца элпана а, озана а юккъехь йолу башхалла.
7. Х1окху дешнашна синонимаш даладе: *адамаш, сакхт, бакъо, духар, забар, къамел, къоналла, саг1а, онда, бохам.*
8. Нохчийн меттан кхечу маттера т1еэцна пхи дош язде.
9. Дийца дошкхолладаларан некъаш. Даладе масалш.
10. Х1окху дешнех керла дешнаш кхолла: *лам, са, урам, ала, кхача, хета, талла.*
11. Цхьаллин терахьера ц1ердешнаш дукхаллин терахье а дохуш, церан грамматически
классаш билгалъяха: *хаам, некъ, хьехархо, ваша, деца, са, стом.*
12. Дожаршца хийца ц1ердешнаш. Къастаде церан легар: къонах, х1оз, йиша.
13. Текстана юккъера билгалдешнаш схьаязде. Билгалдаха церан тайпанаш.
*Мох «цкъу-у-в цкъув-ван-нехь хьоькку, лергашкахь ов детташ ека цуьнан юткъа шок. Наггахь верг соций, герггахь уг1уш берзалойн арданг ю-кха олий, коьрта т1ера башлакх юха а тосий, схьайоккхий топ кара а лоций, гуш х1ума дацахь а, гонаха хьожу.*

Рубежная аттестация по дисциплине принимается в письменной форме – карточки с вариантами (13 заданий; время работы – 120 мин. При оценке работы студента на аттестации учитывается правильность выполнения практических заданий).

***Образец билета к 1-ой рубежной аттестации***

**Федеральное государственное бюджетное образовательное учреждение высшего образования**

**Грозненский государственный нефтяной технический университет**

**им. акад. М.Д. Миллионщикова**

**Институт нефти и газа**

**Тестовое задание по дисциплине «*Чеченский язык*» 1 аттестация**

**Вариант №_1**

ФИО_____________________________________________групп___________Дата

| № вопроса | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Ответ | | | | | | | | | | |
| № вопроса | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
| Ответ | | | | | | | | | | |

**Вариант №1**

**1.Нохчийн маттахь предложенин коьрта меже ю:**

1. цхьаъ;

2. кхоъ;
3. шиъ;
4. йиъ.

**2. Предложенин коьртаза меженаш ю:**

1. кхачам, къастам, латтам;
2. юххедиллар, т1едерзар;
3. масдар, причасти, деепричастии;
4. нийса кхачам, лач кхачам, инфинитив.

**3. Подлежащи:**

1. предложенин коьртаза меже ю;
2. ц1ерниг дожарехь лаьтта предложенин коьрта меже ю;
3. мила? х1ун? бохучу хаттаршна жоп лун коьрта меже ю;
4. предложенехь шех лаьцна дуьйцу коьрта меже ю.

**4. Сказуеми:**

1. подлежащих лаьцна дуьйцуш йолу подлежащин дар я хилар гойту коьрта меже ю;
2. дар я хилар гойту коьрта меже ю;
3. подлежащин дар я хилар шена т1едоьрзу коьрта меже ю;
4. х1ун до? х1ун дира? бохучу хаттаршна жоп луш йолу коьрта меже ю.

**5. Подлежащи хуьлу:**

1. цхьанакепара;
2. шинакепара;
3. кхаакепара;
4. деакепара.

**6. Грамматически подлежащи:**

1. дийриг дожарехь долу подлежащи ду;
2. ц1ерниг дожарехь долу подлежащи ду
3. лург дожарехь долу подлежащи ду
4. меттигниг дожарехь долу подлежащи ду

7. **Логически подлежащи:**

1. мила? х1ун? хаттаршна жоп луш дерг ду
2. ц1ерниг дожарехь нислучург ду
3. дийриг, лург, меттигниг дожаршкахь маь1ница нислуш дерг ду
4. лач дожаршна жоп луш дерг ду

**8. Юьхьан предложении:**

1. шена чохь подлежащи бен, кхин коьрта меже йоцург ю;
2. шена чохь подлежащи а, сказуеми а дерг ю;
3. коьрта а, коьртаза а меженаш шена чохь ерг ю;
4. сказуеми бен, шена чохь коьрта меже йоцург ю.

**9. Билгалза-юьхьан предложени:**

1. шеца подлежащи доцуш, хила йиш йоцург ю;

2. коьртаза меженаш шена чохь йоцург ю;
3. шена чохь подлежащи а доцуш, сказуемино формица я маь1ница иза билгалдеш ерг ю;
4. юьхь билгал ца еш йолу  предложени ю.

**10. Юкъара-юьхьан предложени:**

1. юьхь билгал ца еш йолу  предложени ю;
2. дар кхочушдийриг мила ву къаьсташ доцу предложени ю;
3. шена чохь сказуеми Бен, коьрта меже йоцу предложени ю;
4. шена чохь подлежащи а доцуш, юкъарчу маь1ница иза дало тарлун  предложени ю.

**11. Юьхьза предложени:**

1. подлежащи а доцуш, хила оьшуш а йоцу предложени ю;
2. шена чохь коьртаза меженаш хила йиш йоцу предложени ю;
3.  шена чохь сказуеми хила йиш йоцу предложени ю;
4. подлежащи бен, кхин коьрта меже шена чохь йоцу предложени ю.

**12. Ц1еран предложени:**

1. х1уманан ц1е бен ца йоккху  предложени ю;
2. шена чохь подлежащи бен, кхин коьрта меже йоцу предложени ю;
3. шена чохь подлежащи доцу  предложени ю;
4. шена чохь сказуеми доцу  предложени ю.

**13.Предложенин цхьанатайпанара меженаш олу:**

1. цхьана хаттарна жоп а луш, цхьана дашах йозуш йолчу меженах;
2. муьлххачу а хаттарна жоп лучу предложенин меженах;
3. муьлххачу хаттарна жоп луш, масех  дашах йозуш йолчу меженах;
4. ц1ерниг дожаран хаттарна жоп лучу предлженин меженах.

**14. Цхьанатайпанара къастамаш шена чохь болу предложени ю:**

1. Д1айижинчу юьртахь маь1-маь11ехь чиркхийн серлонаш гора.
2. Лаьмнашна т1е бижира гуьйренан шийла малх, 1индаг1аш дахделира.
3. Лекхачу ламанехьара схьаевлира дог1анна язъелла мархаш.
4. Арахь лаьтташ ткъевне, 1аьржа буьйса яра.

**15. Цхьанатайпанара меженаш  шена чохь йолу предложени ю:**

1. Д1айижинчу юьртахь маь1-маь11ехь чиркхийн серлонаш гора.
2. Лаьмнашна т1е бижира гуьйренан шийла малх, 1индаг1аш дахделира.
3. Лекхачу ламанехьара схьаевлира дог1анна язъелла мархаш.
4. Хеда, Хьава, Селима хьехархойн институте деша яхара.

**16. Муьлхачу предложенешкахь нийса билгалъяьхна коьрта меженаш:**

1. Гурахь дитташ т1ера г1аш доьлху мажлой охьа.
2. Соьлжа – г1алара хьаша веанера тхоьга.
3. Асфальтан некъаш дехкина Веданан к1оштахь.
4. Ч1ог1а кор тохарца самаваьккхира к1анта да.

**17. Чолхе предложени:**

1. коьрта меженаш шена чохь ерг ю;
2. цхьалхечу предложенехь долчул алсам дешнаш дерг ю;
3. шина я масех цхьалхечу предложенех лаьтташ ерг ю;
4. аь1ница йозаеллачу предложенех лаьтташ ерг ю.

**18. Чолхе предложенеш хуьлу:**

1. чолхе-цхьаьнакхетта, чолхе карара, хуттургаш йоцу чолхе;
2. цхьанах1оттаман, шинах1оттаман, чолхе-цхьаьнакхетта;
3. чолхе яьржина а, яржаза а, ийна а;
4. шена чохь коьрта меженаш йоцуш.

**19. Чолхечу предложенина чуйог1у цхьалхенаш вовшахъхоттало:**

1. интонацица, дакъалгашца;
2. эшарца, хуттургашца, хуттурган дешнашца;
3. хаттаршца, хуттургашца;
4. хуттурган дешнашца, интонацица.

**20. Чолхе предложени ю**

1. Даккхий хилча а, шен бераш бераллера ца довлу.
2. Тоххарехь аьхкенан каникулаш юьйлаелла, амма Яха а, Хадишт а мукъа яц.
3. Екхна еана 1уьйре.
4. Ма хаза къегаш ду ламанца бецан тхи!

**Критерии оценивания рубежной аттестации:**

| **Количество вопросов** | **Оценка** | |
|---|---|---|
| **16-20** | **5** | **аттестован** |
| **11-15** | **4** | |
| **6-10** | **3** | **не аттестован** |
| **0-5** | **2** | |

**Аттестован** - выставляется обучающемуся, ответившему правильно на 6-20 вопросов.
**Не аттестован** - выставляется обучающемуся, который ответил менее 5 вопроса.
**Отлично** - выставляется обучающемуся, ответившему на 16-20 вопросов.

**Хорошо** - выставляется обучающемуся, ответившему на 11-15 вопросов.
**Удовлетворительно** - выставляется обучающемуся, ответившему на 6-10 вопросов.

**Ключи к тесту**

| **№ п/п** | **Вариант № 1** |
|---|---|
| 1 | 3 |
| 2 | 1 |
| 3 | 4 |
| 4 | 1 |
| 5 | 2 |
| 6 | 2 |
| 7 | 3 |
| 8 | 2 |
| 9 | 3 |
| 10 | 4 |
| 11 | 1 |
| 12 | 2 |
| 13 | 1 |
| 14 | 4 |
| 15 | 4 |
| 16 | 2 |
| 17 | 3 |
| 18 | 1 |
| 19 | 2 |
| 20 | 2 |

## Задания ко второй рубежной аттестации

Аттестационни болх

1-ра вариант

1. Текстана юккъера билгалдешнаш схьаязде. Билгалдаха церан тайпанаш.

*Мох «цкъу-у-в цкъув-ван-нехь хьоькху, лергашкахь ов детташ ека цуьнан юткъа шок. Наггахь верг соций, герггахь уг1уш берзалойн арданг ю-кха олий, коьрта т1ера башлакх юха а тосий, схьайоккхий топ кара а лоций, гуш х1ума дацахь а, гонаха хьожу.*

2. Дешнащца д1а а яздеш тайпанащца хийца х1ара терахьдешнаш: 5, 10, 13, 20.

3. Ц1ерметдешнаш схьаязде, тайпанаш къастаде.

*Хьо-м хилла 1аламо хьистина эсала, Ткъа х1инца-м хьох хьоьгуш хир ду и ша:*

*Исбаьхьа юьхь-сибат! Х1ора дош-эшар! Дуьне шайх хьегор ду хьан б1аьргаша!*

*Ма хаза кхоьллина хилла хьо, езар! Ма товш ду хьоьгахь и хьан башха куц!*

4. Текстана юккъера хандешнаш схьаязде, хаттарш а х1иттош церан хан билгалъяккха.

*Пондаро дуьйцура, нанас шен цхьаъ бен воцу к1ант мел везаш кхиийна, дуьйцура ненан сийлахьчу боккхачу безамах... Цо дуьйцура к1ант-т1емало мел майра, доьнал долуш кхиъ нера, т1аьххьара а, т1еман герзаш вовшахдетталуш санна къора бийкира пондар.*

5. Схьаязде куцдешнаш, хаттарш а х1иттош церан тайпанаш билгалдаха.

*1) 1аьнан де дара и, амма Казахстанан лекхачу стиглара сирла лепара малх. 2) Юькъачу мархашна т1ехьашхула нуьцкъала хаалуш болчу маьлхан г1аларт раьг1нийн баххьашна т1ехьа лечкъаш доллура. 3) Бес-бесарчу суйнащца къегаш месала пардо хилла 1адда 1уьллу ло ц1еххьана дера экха хилла г1аьттира. 4) Вац Чолак-Таухь и оьшуш, гаре сатуьйсуш стагга а.5) Соцунг1а а хилла, к1еззиг лахбеллачу махе букъ а берзийна, доккха садаькккхира Вассас, бакъдуй те шена тарделларг!*

6. Предложенеш схьаязъе, сиз хьакхарца билгалъяха коьртаза меженаш.

*1) Кхузахь басарш башха къегина а дац, аьзнаш а дац х1ара аьлла къаьсташ. 2) Буса*

*сахиллалц хьоькхуш мох а бара, хьоькхуш дарц а дара. 3) Сени чохь йог1уш 1ежийн хьожа яра, пенах кхозуш акхаройн ц1окарчий а яра.*

7. Схьаязъе текст, коьрта меженаш сиз хьаккхарца билгалъяха.

*Луларчу юьртахь тезет яьллера. Велларг ден цхьаъ бен воцу к1ант ву бохуш, дуьйцура. Г1овтал а, маьхьсеш а юьйхина, сурам куй а тиллина кеч а велла, ша аравалале некъ дика хилийта аяташ деша хиира воккха стаг Б1ахо. Б1ахо нахаца йолу юкъаметтигаш ч1ог1а ц1ена, оьзда лелош вара.*

***Образец билета к 2-ой рубежной аттестации***

**Федеральное государственное бюджетное образовательное учреждение высшего образования**

**Грозненский государственный нефтяной технический университет им. акад. М.Д. Миллионщикова**

**Институт нефти и газа**

**Тестовое задание по дисциплине «*Чеченский язык*» 2 аттестация**

**Вариант №_1**

ФИО________________________________________групп_________Дата

| **№ вопроса** | **1** | **2** | **3** | **4** | **5** | **6** | **7** | **8** | **9** | **10** |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **Ответ** | | | | | | | | | | |
| **№ вопроса** | **11** | **12** | **13** | **14** | **15** | **16** | **17** | **18** | **19** | **20** |
| **Ответ** | | | | | | | | | | |

**Вариант №1**

**1. Чолхе-цхьанакхетта предложени-иза**

1. коьрта меженаш шена чохь ерг ю;
2. цхьалхечу предложенехь долчул алсам дешнаш дерг ю;
3. шина я масех цхьалхечу предложенех лаьтташ ерг ю;
4. маь1ница йозаеллачу предложенех лаьтташ ерг ю.

**2. Чолхе – цхьаьнакхеттачу предложени юкъайог1у предложенеш вовшех къастайо:**

1. запятойца;
2. шит1адам билларца;
3. тире йилларца;
4. хуттурган дешнашца.

**3. Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенешкахь цхьалхенаш вовшахтосу:**

1. интонацица, хуттурган дешнашца;
2. маь1ница, интонацица;
3. дозаран, дуьхьалара, къасторан хуттургашца;
4. дакъалгашца, интонацица.

**4. Пунктуационни г1алат ду предложенехь:**

1. Амма иза, шуна ма моьтту, осалчех вац.
2. Доцца аьлча, экзамен дика д1аелира ас.
3. Элбек ахь 1амийний нохчийн меттан урок?
4. Доцца аьлча а, кхетар ю со.

**5. Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенешкахь цхьалхенаш вовшахтосу:**

1. интонацица, хуттурган дешнашца;
2. маь1ница, интонацица;
3. дозаран, дуьхьалара, къасторан хуттургашца;
4. дакъалгашца, интонацица.

**6. Къасторан хуттург ю х1окху предложенехь**

1. Луьстачу хьуьна юккъехь самукъане дара.
2. Сан нана бедарш тоьгуш  ю.
3. Я хьо вола тхуна т1е, я тхо д1адог1у.
4. Дикачу стагана х1умма а кхоо эшац.

**7. Дуьхьалара хуттург яц х1окху предложенехь**

1. Нах охана дина бевлла, ткъа тхо х1инца а дуьйла ца делла.
2. Йо1 могуш юйла хиира цунна, делахь а сапарг1ат яцара нана.
3. Йочане денош лаьттара арахь, амма шийла-м яцара.
4. Амма цхьана а х1уманах хьо кхера оьшуш дац.

**8. Дозаран хуттург ю х1окху предложенехь**

1. Луьстачу хьуьна юккъехь самукъане дара.
2. Ас цуьнга ала а элира, цо соьга ла адуьйг1ира.
3. Я хьо вола тхуна т1е, я тхо д1адог1у.
4. Дикачу стагана х1умма а кхоо эшац.

**9.  Чолхе- карарчу  предложенин коьрта ши билгало ю:**

1. шиннал сов предложених лаьтташ хилар, интонаци хилар;
2. карара хуттург, дакъалг хилар;
3. хуттурган дешнаш, коьрта меженаш хилар;
4. карара хуттург я хуттурган дош хилар, сказуеми муьлххачу а цхьана саттамехь хилар.

**10. Т1етуху предложенеш екъало тобанашка:**

1. кхачаман, къастаман, латтамийн;
2. цхьанах1оттаман, шинах1оттаман, ийна;

3. хуттургаш йолу а, йоцу а, кхечуьнга йовлу а,ца йовлу а;
4. шинах1оттаман, цхьаьнакхетаран, къастаман.

**11. Т1етухучу предложенешца хуьлу х1ара хуттургаш**:

1. амма, ткъа, бакъду;
2. х1унда аьлча, нагахь санна(нагахь), бохуш, аьлла;
3. я;
4. а.

**12. Муьлхачу аларца реза хила мегар ду:**

1. т1етуху предложени даима коьртачунна хьалха льтта;
2. т1етуху предложени даима коьртачух йозуш хуьлу;
3. хуттургаш а. хуттургийн дешнаш а предложенийн меженаш хуьлий лела;
4. коьртачу предложенехь юкъаметтигаллин дешнаш хуьлу: мила, х1ун, муьлха, маца, х1унда и кхин д1а а.

**13. Чолхе-карара предложени-иза**

1. цхьа предложени вукхунах йозушший, кхетошший ерг ю;
2. цхьалхечу предложенехь долчул алсам дешнаш дерг ю;
3. шина я масех цхьалхечу предложенех лаьтташ ерг ю;
4. маь1ница йозаеллачу предложенех лаьтташ ерг ю.

**14. Чолхе-карарчу предложенехь коьртаниг ю:**

1. т1етуху предложени шех йозуш а, цо кхетош а ерг;
2. цхьана я масех дашах лаьтташ ерг;
3. шена чохь коьрта меженаш бен йоцург;
4. шеца хуттургаш ерг.

**15. Т1етуху предложенеш екъало тобанашка:**

1. кхачаман, къастаман, латтамийн;
2. цхьанах1оттаман, шинах1оттаман, ийна;
3. хуттургаш йолу а, йоцу а, кхечуьнга йовлу а,ца йовлу а;
4. шинах1оттаман, цхьаьнакхетаран, къастаман.

**16. Д1акъастае коьртачу предложенех т1етухурш, х1итто еззачу сацаран хьаьркаш а х1иттош:**

1. Х1ара х1ун зама ю цхьанне а ца хаьара.
2. Хьуна х1ун лаьа хаийтахьа тхоьга.
3. Цу белхан чаккхе муха хир ю хууш цхьа а вацара.
4. Цхьанна а ца хаьара шаьш муьлхачу юьрта кхаьчна.

**17. Кхачаман т1етухучу предложенийн коьрта башхалла ю:**

1. коьртачу предложенера ц1ердош цо билгалдеш хилар;
2. коьртачу предложени чохь долу дешнийн цхьаьнакхетар (хандош я хандешан форма) цо кхетош хилар;
3. муха? муьлха? бохучу хаттаршна цо жоп луш хилар;
4. коьртачу предложенехь дуьйцург цо кхетош хилар.

**18.Тетуху предложенеш екъало:**

1. кхаа тобане;
2. шина тобане;
3. еа тобане;
4. пхеа тобане.

**19. Кхачаман т1етуху предложени хуьлу:**

1. муха? муьлха? х1ун? бохучу хаттаршна жоп луш;
2. маца? мичахь? муха? бохучу хаттаршна жоп луш;
3. хьенан? стенан? бохучу хаттаршна жоп луш;
4. ц1ерниг дожаран хаттарна жоп луш.

**20. Кхачаман т1етуху предложени ю:**

1. Хезна суна, хьо тхо долчу хьошалг1а ван дагахь ву бохуш.
2. Дас доцца жоп делира, йо1 шена луъучу деша йохуьйтур ю ша аьлла.
3. Суна хьехарш дора Хадишта.
4. Луьстачу хьуьна юккъехь самукъане дара.

**Критерии оценивания рубежной аттестации:**

| Количество вопросов | Оценка | |
|---|---|---|
| 16-20 | 5 | аттестован |
| 11-15 | 4 | |
| 6-10 | 3 | не аттестован |
| 0-5 | 2 | |

**Аттестован** - выставляется обучающемуся, ответившему правильно на 6-20 вопросов.
**Не аттестован** - выставляется обучающемуся, который ответил менее 5 вопроса.
**Отлично** - выставляется обучающемуся, ответившему на 16-20 вопросов.
**Хорошо** - выставляется обучающемуся, ответившему на 11-15 вопросов.
**Удовлетворительно** - выставляется обучающемуся, ответившему на 6-10 вопросов.

**Ключи к тесту**

| № п/п | Вариант № 1 |
|---|---|

| | |
|---|---|
| 1 | 3 |
| 2 | 1 |
| 3 | 3 |
| 4 | 3 |
| 5 | 3 |
| 6 | 3 |
| 7 | 4 |
| 8 | 2 |
| 9 | 4 |
| 10 | 1 |
| 11 | 2 |
| 12 | 2 |
| 13 | 3 |
| 14 | 1 |
| 15 | 1 |
| 16 | 1 |
| 17 | 2 |
| 18 | 1 |
| 19 | 4 |
| 20 | 1 |

## 4. Зачет

### 4.1. Вопросы по темам дисциплины «Чеченский язык»

1.Ло литературни меттан определени. Йийца нохчийн меттан коьрта диалекташ.

2.Нохчийн йоза кхолладаларан 1илманчаша муьлха кхо мур билгалбоккху?

3.ХIун Iамадо фонетико? ХIун Iамадо графико?

4.Стенахолу алфавит? Маса элп ду нохчийн алфавитехь?

5. Дийца муьлхарш ду мукъа а, мукъаза аьзнаш?
6. Муьлха элпаш ду нохчийн маттахь тӀеэцначу дешнашкахь бен ца яздеш?
7. Дийца деха а, доца а, шала а, шалха а, элпех лаьцна.
8. Ши аз билгалдеш долу элпаш, церан нийсаяздар
9. Къасторан хьаьркаш Ъ, Ь, церан нийсаяздар
10. Стенах олу лексика? Муьлхачарех олу синонимаш, антонимаш, омонимаш?
11. Даладе дешан нийса а, тӀедеана а маьӀна, ширделла а, керла а дешнаш.
12. Стенах олу дошкхолладалар. Даладе дошкхолладаларан некъаш.
13. Стенах олу цӀердош? Текста юккъера схьаязде ц1ердешнаш. Билгалде церан терахь, класс.
14. Ц1ердешнаш дожаршца хийца, билгалдаккха церан легар.
15. Схьаязде текста юккъера билгалдешнаш. Билгалалдаха церан тайпанаш.
16. Стенах олу терахьдош? Йозанца дӀаязде терахьдешнаш.
17. Схьаязъе текст, цу юкъара терахьдешнаш билгал а дохуш. Къастаде церан тайпанаш.
18. Стенах олу цӀерметдош? Текста юкъара схьаязде цӀерметдешнаш. Билгалдаха церан тайпанаш.
19. Стенах олу хандош? Схьаязде текста юкъара хандешнаш. Муьлхачу хенашкахь ду уьш?
20. Схьаязде текста юкъара хандешнаш. Билгалде, муьлхачу саттамехь ду уьш?
21. Схьаязде текста юкъара хандешнаш, къовларшкахь церан спряжени билгалъе.
22. Масдар стенах олу? Текста юккъера масдарш схьаязде, билгалдаккха церан терахь, дожар, кл.гайтам.
23. Стенах олу причасти? Текста юккъера причастеш схьязде, билгалдаккха церан терахь, дожар, хан.
24. Стенах олу деепричасти? Текста юккъера деепричастеш схьаязъе, билгалъяха цаьрца йолу хандешан а, куцдешан а билгалонаш.
25. Стенах олу куцдош? Схьаязде текста юкъара куцдешнаш, билгалдаккха церан тайпа.
26. Дешт1аьхьенийн, хуттургийн, дакъалгийн нийсаяздарах лаций дийца. Даладе масалш.
27. Айдардешнех, модальни дешнех лаций дийца. Даладе масалш.
28. Стенах олу предложени? Предложенин тайпанаш дийца.
29. Текст юккъера предложенин коьрта а, коьртаза а меженаш билгалъяха.
30. Цхьалхе а, чолхе а предложенеш ялае.

## 4.2. Билеты к зачету

**МИНИСТЕРСТВО НАУКИ И ВЫСШЕГО ОБРАЗОВАНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**

**ГРОЗНЕНСКИЙ ГОСУДАРСТВЕННЫЙ НЕФТЯНОЙ ТЕХНИЧЕСКИЙ УНИВЕРСИТЕТ**

**имени академика М.Д.Миллионщикова**

---

**Билет №1**

Дисциплина ***Чеченский язык***

***Институт цифровой экономики и технологического предпринимательства***
Кафедра «***Межфакультетская языковая кафедра»***
Специальность: *21.05.02 Прикладная геология*

1. ХIун Iамадо графико? Стенах олу алфавит? Маса элп ду нохчийн алфавитехь?
2. ЦIердош, цуьнан классаш. Даладе масалш.
3. Терахьдош, цуьнан тайпанаш, нийсаяздар. Даладе масалш.

УТВЕРЖДЕНО
/Зав. Кафедрой
на заседании кафедры
протокол № 6 от30.03.21г. ____________ Т.Б.Хабусиева

**МИНИСТЕРСТВО НАУКИ И ВЫСШЕГО ОБРАЗОВАНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**
**ГРОЗНЕНСКИЙ ГОСУДАРСТВЕННЫЙ НЕФТЯНОЙ ТЕХНИЧЕСКИЙ УНИВЕРСИТЕТ**
**имени академика М.Д.Миллионщикова**

---

**Билет №2**

Дисциплина ***Чеченский язык***
***Институт цифровой экономики и технологического предпринимательства***
Кафедра «***Межфакультетская языковая кафедра»***
Специальность: *21.05.02 Прикладная геология*

1. ХIун Iамадо фонетико? Дийца муьлхарш ду мукъа а, мукъаза а аьзнаш?
2. Нохчийн поэташ, яздархой.
3. ЦIерметдош, цуьнан тайпанаш.

УТВЕРЖДЕНО
/Зав. Кафедрой
на заседании кафедры
протокол № 6 от30.03.21г.____________Т.Б.Хабусиева

**МИНИСТЕРСТВО НАУКИ И ВЫСШЕГО ОБРАЗОВАНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**
**ГРОЗНЕНСКИЙ ГОСУДАРСТВЕННЫЙ НЕФТЯНОЙ ТЕХНИЧЕСКИЙ УНИВЕРСИТЕТ**
**имени академика М.Д.Миллионщикова**

---

**Билет №3**

Дисциплина ***Чеченский язык***

***<u>Институт цифровой экономики и технологического предпринимательства</u>***
Кафедра «***<u>Межфакультетская языковая кафедра»</u>***
Специальность: *21.05.02 Прикладная геология*

1. Ло литературни меттан определени. Йийца нохчийн меттан коьрта диалекташ.
2. ЦӀердош, цуьнан классаш. Даладе масалш.
3. Муьлха элпаш ду нохчийн маттахь тӀеэцначу дешнашкахь бен ца яздеш?

УТВЕРЖДЕНО
/Зав. Кафедрой
на заседании кафедры
протокол № 6 от30.03.21г. ____________ Т.Б.Хабусиева

**МИНИСТЕРСТВО НАУКИ И ВЫСШЕГО ОБРАЗОВАНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**
**ГРОЗНЕНСКИЙ ГОСУДАРСТВЕННЫЙ НЕФТЯНОЙ ТЕХНИЧЕСКИЙ УНИВЕРСИТЕТ**
**имени академика М.Д.Миллионщикова**

---

**Билет №4**

Дисциплина ***<u>Чеченский язык</u>***
***<u>Институт цифровой экономики и технологического предпринимательства</u>***
Кафедра «***<u>Межфакультетская языковая кафедра»</u>***
Специальность: *21.05.02 Прикладная геология*

1. Нохчийн меттан Iилманчаш. Нохчийн меттан коьрта газеташ, журналаш.
2. Стенах олу лексика? Муьлхачарех олу синонимаш, антонимаш, омонимаш?
3. Билгалдош, цуьнан тайпанаш, дожаршца хийцадалар.

УТВЕРЖДЕНО
/Зав. Кафедрой
на заседании кафедры
протокол № 6 от30.03.21г. ____________ Т.Б.Хабусиева

**МИНИСТЕРСТВО НАУКИ И ВЫСШЕГО ОБРАЗОВАНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**
**ГРОЗНЕНСКИЙ ГОСУДАРСТВЕННЫЙ НЕФТЯНОЙ ТЕХНИЧЕСКИЙ УНИВЕРСИТЕТ**
**имени академика М.Д.Миллионщикова**

---

**Билет №5**

Дисциплина ***Чеченский язык***
***Институт цифровой экономики и технологического предпринимательства***
Кафедра «***Межфакультетская языковая кафедра»***
Специальность: *21.05.02 Прикладная геология*

1. Дийца деха а, доца а, шала а, шалха а, элпех лаьцна.
2. Ц1ердешан дожарш а, легарш а.
3. Куцдош, тайпанаш.

УТВЕРЖДЕНО
/Зав. Кафедрой
на заседании кафедры
протокол № 6 от30.03.21г. ____________ Т.Б.Хабусиева

**МИНИСТЕРСТВО НАУКИ И ВЫСШЕГО ОБРАЗОВАНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**
**ГРОЗНЕНСКИЙ ГОСУДАРСТВЕННЫЙ НЕФТЯНОЙ ТЕХНИЧЕСКИЙ УНИВЕРСИТЕТ**
**имени академика М.Д.Миллионщикова**

---

**Билет №6**

Дисциплина ***Чеченский язык***
***Институт цифровой экономики и технологического предпринимательства***
Кафедра «***Межфакультетская языковая кафедра»***
Специальность: *21.05.02 Прикладная геология*

1. Стенах олу дошкхолладалар? Стенах лаьтта дешан х1оттам?
2. Цхьалхе а, чолхе а предложенеш.
3. Дийца дешан нийса а, тӀедеана а маьӀна, ширделла а, керла а дешнех лаций

УТВЕРЖДЕНО
/Зав. Кафедрой
на заседании кафедры
протокол № 6 от30.03.21г. ____________ Т.Б.Хабусиева

**МИНИСТЕРСТВО НАУКИ И ВЫСШЕГО ОБРАЗОВАНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**
**ГРОЗНЕНСКИЙ ГОСУДАРСТВЕННЫЙ НЕФТЯНОЙ ТЕХНИЧЕСКИЙ УНИВЕРСИТЕТ**
**имени академика М.Д.Миллионщикова**

---

**Билет №7**

Дисциплина ***Чеченский язык***
***Институт цифровой экономики и технологического предпринимательства***
Кафедра «***Межфакультетская языковая кафедра»***
Специальность: *21.05.02 Прикладная геология*

1. Дийца дошкхолладаларан некъаш.
2. Хандош, цуьнан хенаш.
3. XIун Iамадо синтаксисо? Стенах олу предложени? Предложенин тайпанаш

УТВЕРЖДЕНО
/Зав. Кафедрой
на заседании кафедры
протокол № 6 от 30.03.21г.____________Т.Б.Хабусиева

**При оценке ответа студента на зачете учитываются:**
* правильность ответа на вопрос;
* логика изложения материала вопроса;
* правильность ответа на дополнительные вопросы;
* умение увязывать теоретические и практические аспекты вопроса;
* культура устной речи студента.
Итоговая отчетность (зачет) студентов по дисциплине принимается по вопросам пройденного материала с предоставлением времени на подготовку (20-25 мин.) и последующим устным ответом преподавателю.

**Критерии оценки:**
К зачету допускаются студенты, выполнившие все требования учебной программы (выполнившие с положительными оценками все виды контроля, предусмотренные графиком учебных заданий).
Баллы, полученные студентом в течение семестра, суммируются, и при наборе нижеперечисленного количества баллов, студент получает итоговую оценку – зачтено.
«Незачтено» выставляется при незнании основных вопросов или наличии грубых ошибок в ответах на них, неумении на основе теоретических знаний делать практические выводы.
Оценка объявляется студенту сразу же по окончании им ответа и заносится в зачетно-экзаменационную ведомость, журналы контроля посещения занятий и успеваемости и зачетную книжку.